

## ABSTRAK

**Lisa Nurjanah, 2019. Pola Distribusi, Munelna, jeung Lobana Populasi Keong Mas (Gastropoda) di Situ Bagendit 2 Kabupaten Garut. Diaping ku Dr. Yusuf Ibrahim, M.Pd., M.P., Iwan Setia Kurniawan, S.Pd., M.Pd., jeung Drs. Suhara, M.Pd.**

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun informasi ngeunaan pola distribusi, munelna, jeung lobana populasi keong mas di Situ Bagendit 2 Kabupaten Garut. Ieu panalungtikan geus dilaksanakeun kaping 1 Mei 2019. Metodé nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta metodé déskriptif kalawan desain panalungtikan kuadrat jeung téhnik nyokot sampel maké eknan grab jeung hand sorting. Stasiun ieu panalungtikan kabagi jadi 3 stasiun jeung 6 plot dina unggal stasiun. Sampel dicokot 3 kali dina unggal plot panalungtikanana. Luas plot kuadrat nu dipaké nyaéta 5,6m x 2,5m. Dina ieu panalungtikan, meunang 67 spesies keong mas ti kabeh stasiun di Situ Bagendit 2. Hasilna nétélakeun yén pola distribusi keong mas di Situ Bagendit 2 mangrupa pola kelompok dina unggal stasiun. Hasilna ogé nétélakeun yén munelna spesies keong mas di stasiun I nilaina 4 individu/m<sup>2</sup>, stasiun II nilaina 3 individu/m<sup>2</sup>, jeung stasiun III nilaina 4 individu/m<sup>2</sup>. Hasilna nétélakeun yén lobana spesies keong mas di stasiun I nilaina 2 individu/m<sup>2</sup>, stasiun II nilaina 1 individu/m<sup>2</sup>, jeung stasiun III nilaina 2 individu/m<sup>2</sup>.

**Kecap Galeuh : Distribusi, Munelna, Lobana, Keong Mas, Gastropoda, Situ Bagendit**